

Avi Itilizasyon e Divilgasyon HMIS

Fòk chak moun nan fwaye a ki gen 17 ane oswa plis resevwa avi a epi siyen li.

AVI SA A DEKRI KIJAN YO KA UTILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON SOU OU AK KIJAN OU KA JWENN AKSÈ A ENFÒMASYON SA YO. TANPRI, REVIZYE LI AVÈK ANPIL ATANSYON. SI OU GEN NENPÒT KESYON OUBYEN SI OU VLE PLIS ENFÒMASYON KONSÈNAN FÒM SA A, TANPRI KONTAKTE HOMELESS TRUST KONTE MIAMI-DADE NAN 305-375-1490.

Kisa Sistèm Enfòmasyon Jesyon Konsòsyòm Swen Kontinyèl Sanzabri Miami-Dade ye?

Se Homeless Trust Konte Miami-Dade la ("Homeless Trust") ki administre Swen Kontinyèl Konte Miami-Dade la (CoC), epi ajans lokal yo bay lojman ak sèvis ("founisè"). Lè w mande sèvis atravè CoC a, enfòmasyon sou ou menm ak manm fanmi w ki avèk ou antre nan yon sistèm òdinatè ki rele Sistèm Enfòmasyon Jesyon Sanzabri ("HMIS"), ke Homeless Trust jere. Homeless Trust ak founisè lokal ki patisipe nan CoC itilize enfòmasyon sa yo pou pi byen òganize ak delivre lojman ak sèvis bay moun ak fanmi nan Konte Miami-Dade ki sanzabri, ki te sanzabri oubyen ki riske vin sanzabri. Founisè yo ak Homeless Trust pataje epi itilize enfòmasyon sou ou menm ak manm fanmi ou anba yon Akò Patisipasyon HMIS la (apre sa pati ki nan Akò Patisipasyon HMIS la ap rele "Founisè ki Patisipe nan HMIS").

Poukisa yo kolekte enfòmasyon sou ou nan HMIS?

Objektif nou se travay ansanm pou fini avèk pwoblèm sanzabri a. Enfòmasyon ou bay yo jwe yon wòl enpòtan, sa ki pèmèt CoC:

- Pi byen evalye e reponn a bezwen lojman ak sèvis ou yo.
- Diminye tan ou pase ap eseye jwenn lojman ak/oswa sèvis ou bezwen.
- Diminye diplikasyon enfòmasyon ki gen rapò avèk moun ki resevwa sèvis nan CoC a.
- Suiv rezilta pwogram lan epi amelyore kalite lojman ak sèvis ki bay atravè CoC a.
- Ede nou priorize, planifye, epi bay lojman ak/oswa sèvis enpòtan pou ou menm ak lòt moun nan kominote a ki sanzabri oswa ki pa gen lojman fiks.
- Bay estatistik pou alokasyon resous ak pwosesis fikse objektif pa moun ki la pou etabli politik lokal, Eta ak federal, e sipòte rechèch tou.
- Atenn tout objektif ke CoC a jije apwopriye.

Kijan moun ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou ou san konsantman ekri ou?*

Sof si gen lòt lwa lokal, Eta oswa federal ki entèdi sa, enfòmasyon ke ou antre nan HMIS la ka divilge pou rezon espesifik, aktivite ak/oswa moun ki dekri anba a san konsantman ekri ou:

- Pou bay oswa kowòdone sèvis pou moun ak manm fanmi, si genyen;
- Pou fonksyon ki gen rapò avèk peman oswa ranbousman pou sèvis;
- Pou fonksyon administratif tankou fonksyon legal, odit, pèsònèl, sipèvizyon ak jesyon;
- Pou kreye rapò ki p ap gen ladan okenn enfòmasyon idantifikasyon, tankou non w, nimewo sekirite sosyal ou, oswa nenpòt lòt karakteristik ki inik;
- Administratè sistèm HMIS la oswa moun li deziyen an ak devlopè HMIS la ansanm ak lòt moun ki enplike nan antretyen sistèm HMIS la ki ka wè enfòmasyon yo pou rezon administratif (pa egzanp, pou tcheke erè done, rezoud pwoblèm oswa teste sistèm yo).
- Pou konfòme avèk obligasyon rapò gouvènman an pou HMIS epi sipèvize konfòmite avèk egzijans HMIS la.
- Pou fè rechèch akademik anba yon akò rechèch avèk Homeless Trust la. Non ou, nimewo sekirite sosyal ou, oswa nenpòt lòt karakteristik inik p ap parèt nan okenn rapò rechèch.

- Jan règleman federal ki etabli estanda konfidansyalite ak sekirite HMIS yo pèmèt epi gouvènè, jan yo ka modifye yo, itilizasyon ak divilgasyon: (a) pou evite yon menas grav pou sante oswa sekirite; (b) konsènan viktim abi, neglijan oswa vyolans domestik; (c) pou fòsdelòd; ak (d) jan lalwa egzije sa.

****Lòt itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon ou yo ap fèt sèlman avèk konsantman alekri ou.****

Kijan moun ka itilize enfòmasyon pèsònèl ou?

Moun ka pataje enfòmasyon ou avèk Founisè ki patisipe nan HMIS ki itilize HMIS. Pataj enfòmasyon ou ka ede Founisè ki patisipe nan HMIS la jwenn enfòmasyon sou ou menm pi vit, evalye epi reponn a bezwen lojman ak/oswa bezwen sèvis ou yo epi ede w avèk jesyon ka w la si sa nesèsè.

Ki dwa ou genyen konsènan enfòmasyon pèsònèl ou?

Ou gen dwa pou enspekte epi jwenn yon kopi enfòmasyon pèsònèl ou (oswa enfòmasyon pèsònèl pitit ou ki minè ki sou kont ou) ke nou kenbe sou ou nan HMIS eksepte pou: (a) enfòmasyon ki konpile nan yon previzyon rezonab pou yon litij oswa pwosedi konparab; (b) enfòmasyon sou yon lòt moun; (c) enfòmasyon ke moun te jwenn anba yon pwomès konfidansyalite; oswa (d) enfòmasyon, divilgasyon li ta gen chans rezonab pou mete lavi oswa sekirite fizik nenpòt moun an danje.

Ou gen dwa mande yon lis Founisè ki patisipe nan HMIS ki te resevwa enfòmasyon ou ki konsève nan HMIS la.

Ou gen dwa mande tou koreksyon pou enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè. Si nou dakò, nou efase li oubyen nou ka make li kòm enfòmasyon ki pa egzakt oubyen enkonplè epi konplete li avèk plis enfòmasyon. Si nou refize yon demann konsa, nou eksplike rezon refi a. Nou va mete ladan tou, nan kad enfòmasyon nou kenbe yo, dokimantasyon sou demann lan ak rezon refi a. Nou ka rejte demann repetitif oswa asèlman pou jwenn aksè oswa koreksyon enfòmasyon ki konsève nan HMIS la.

Ou ka egzèse dwa ou yo jan sa endike anwo a lè w fè yon demann alekri bay Homeless Trust nan adrès ki anba a.

Si ou kwè yo vyole dwa konfidansyalite w, ou ka soumèt yon plent alekri nan adrès ki anba a. P ap gen okenn revanj kont ou paske ou depoze yon plent.

Homeless Trust Konte Miami-Dade
Sant Stephen P. Clark
111 NW 1st Street
Suite 27-310
Miami, Florida 33128-1902

Lalwa egzije founisè ki patisipe nan HMIS yo ak Homeless Trust kenbe konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl ou epi ba ou Avi sa a. Founisè ki patisipe nan HMIS yo ak Homeless Trust la oblije respekte kondisyon Avi ki an vigè kounye a, men Avi a ka chanje detanzantan. Yo va afiche Avi revize a nan biwo Founisè HMIS ki patisipe yo tout tan epi ou ka jwenn li lè w kontakte Homeless Trust alekri epi mande yon kopi nenpòt nouvo Avi HMIS.

Tanpri, sonje ke Avi sa a konsène sèlman enfòmasyon ki antre nan HMIS la, epi yon founisè ki patisipe nan HMIS pa ka ba ou konsèy legal espesifik konsènan dwa ou.

Avi sa a antre an vigè nan dat li siyen an, epi li va ekspire otomatikman nan sèt ane.

Mwen rekonèt ke mwen te resevwa yon kopi an papyè Avi sou Itilizasyon ak Divilgasyon enfòmasyon HMIS la lè mwen siyen isit la.

Konsantman HMIS pou Piblikasyon ak Echanj Enfòmasyon

Fòk chak moun nan fwaye a ki gen 17 ane oswa plis resevwa avi a epi siyen li.

ENPÒTAN: Pa antre enfòmasyon pèsònèl nan HMIS pou kliyan ki: 1) nan ajans Vyolans Domestik oubyen; 2) ki ap sove aktyèlman anba vyolans domestik oswa ki an danje akòz vyolans domestik, vyolans mennaj, agresyon seksyèl oswa sitiyasyon pèsekisyon. Si sa konsène ou, SISPANN - Pa siyen fòm sa a.

Mwen dakò pou yo divilge e echanje enfòmasyon sou mwen menm ak minè ke mwen legalman responsab dapre kondisyon ki anba yo:

- Mwen mande lojman ak/oswa sèvis atravè Swen Kontinyèl (CoC) Konte Miami-Dade la, ki bay atravè ajans lojman ak/oswa sèvis lokal yo ("founisè"). Se Homeless Trust Konte Miami-Dade la ("Homeless Trust" la) ki kowòdone CoC a. Pou pi byen sèvi bezwen lojman ak sèvis mwen yo, founisè yo ak Homeless Trust bezwen echanje, pataje, ak/oswa divilge done, enfòmasyon oswa dosye yo ka kolekte sou mwen menm ak manm fanmi mwen ki avèk mwen. Lè mwen mande sèvis atravè CoC, enfòmasyon sou mwen menm ak manm fanmi mwen antre nan yon sistèm òdinatè ki rele Homeless System. Sistèm Jesyon Enfòmasyon ("HMIS"), ke Homeless Trust jere a. Founisè yo ak Homeless Trust pataje epi itilize enfòmasyon ki antre nan HMIS anba yon Akò Patisipasyon HMIS (ki apre sa nan Akò Patisipasyon HMIS la). Akò kòm "Founisè ki Patisipe nan HMIS").
- Enfòmasyon ki nan HMIS la ak dosye ka ou yo ak nenpòt Founisè ki patisipe nan HMIS la konsidere kòm konfidansyèl ak privilejye epi moun pa ka echanje, pataje ak/oubyen pibliye san konsantman ekri ou ki eksprime ak enfòmè, eksepte jan sa endike nan Avi Itilizasyon ak Divilgasyon CoC HMIS la oswa kote lalwa otorize sa.
- Homeless Trust gen aksè a Baz Done Enfòmasyon Chofè ak Veyikil (DAVID) epi li ka itilize dosye mwen pou bay founisè lojman prèv idantite mwen e pou satisfè egzijans dokimantasyon pou lojman sibvansyone.
- Homeless Trust ka pataje enfòmasyon avèk lopital piblik (Jackson Health Systems), nenpòt depatman federal oswa Eta Florid, tankou Depatman Afè Veteran yo, oswa Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) oswa nenpòt antite jesyon ki gen kontra avèk DCF pou bay priorite oswa kowòdone swen moun ki itilize sistèm nou an anpil ak sistèm swen sante a e avèk lòt òganizasyon ke Homeless Trust asosye avèk yo pou kowòdinasyon swen oswa dispozisyon sèvis yo.

Mwen konprann sa:

- Fòm sa a otorize espesyalman itilizasyon enfòmasyon sou mwen nan rechèch ki fèt avèk enfòmasyon ki konsève nan HMIS la. Yo p ap idantifye mwen pèsònèlman ni avèk non mwen, ni avèk nimewo sekirite sosyal mwen, ni avèk okenn lòt karakteristik inik nan rapò rechèch ki pibliye yo. Tip rechèch ki va fèt gras a itilizasyon enfòmasyon sa a gen ladan rapò sou kantite ak karakteristik moun ki ap itilize diferan tip lojman ak sèvis, efikasite lojman ak sèvis, e chanjman nan modèl yo atravè different moman.
- HMIS otorize enfòmasyon sou mwen, tankou foto mwen yo ka pataje avèk Founisè ki patisipe nan HMIS yo. Enfòmasyon pataje ka gen ladan, men yo pa limite a, enfòmasyon demografik, tankou dat nesans, adrès ak nimewo telefòn, Nimewo Sekirite Sosyal, sèks, ras ak etnisite, edikasyon ak anplwa, istorik revni ak benefis, istorik lojman, istorik legal, istwa ekspozisyon a chòk, pwoblèm medikal andikapan, istorik dyagnostik ak tretman sante mantal ak/oswa abi sibstans, ak rezilta tès VIH/SIDA. Objektif pataje enfòmasyon nan fason sa a se pou ede founisè ki patisipe nan HMIS yo jwenn enfòmasyon sou mwen pi vit, evalye epi reponn a bezwen lojman ak/oswa sèvis mwen yo epi ede mwen ak jesyon ka mwen si sa nesèsè.
- Founisè ki patisipe nan HMIS yo ap kapab wè enfòmasyon ki antre nan HMIS la. Sou demann mwen, Founisè HMIS ki ap sèvi mwen aktyèlman dwe montre mwen yon lis tout Founisè HMIS ki ap patisipe yo lè mwen siyen konsantman/otorizasyon sa a.
- Yon founisè lojman ak/oswa sèvis ki vin yon Founisè ki patisipe nan HMIS apre mwen fin siyen Konsantman pou Divilge Enfòmasyon sa a ap gen aksè tou a enfòmasyon pèsònèl mwen otorize pou pataje done yo. Nenpòt Founisè ki patisipe nan HMIS ki ap sèvi mwen aktyèlman, ki gen ladan Homeless Trust, dwe fè akomodman rezonab pou pèmèt mwen wè lis aktyalize Founisè ki patisipe nan HMIS yo.

